Мырзабай өзиниң ҳақ екенлигин Алмагүлге түсиндириў имканиятын таба алмай жүргенде, олардың арасында Қасым деген үшинши кимсе пайда болады.

Араға усылайынша суўықлық түскен еки жас үлкен руўхый гүйзелислерге дуўшар болады. Әсиресе жүреги нәзик, жаны сулыў Алмагүл қатты гүйзелиске түседи, руўхый азапланады. Мырзабайды шын кеўилден сүйгени менен, өз басына түскен ески дәстүр қурығын бирден үзип кете алмайды. Аўыл-ел, қоңсы-қобаларда тараған гәп сөзлер, қыз жолының нәзиклиги оны көп әўере-сарсаңға салады, жатса-турса, Мырзабайды ойлап, бул дәстүр қурығынан қалай қутылып кетиўдиң жолларын ойлап қатты қыйналады.

Мине, усындай руўхый гүйзелисте жүрген күнлериниң биринде өзин жойтып алған Алмагүл ойсырап жүрип абайсызда қудыққа түсип кетип, аўыр кеселликке шатылады, соң даўа таппай, бул дүньяны тәрк етеди.

Жазыўшы, мине, усындай психологиялық ҳалатларды қаҳарман характериниң өсип-өзгериў эволюциясы ҳәм турмыс шынлығы менен тығыз байланыста сүўретлегенликтен биз де повесть сюжетиниң усылайынша шешим табыўына исенбеўге ҳақымыз жоқ.

Жазыўшы бул шешим арқалы халқымыз раўажланыўының белгили басқышларында урыс дәртлери сыяқлы, ески дәстүр сарқытлары да еркин муҳаббат, сап ышқының жайнап-жаснаўына тусаў болып, Алмагүл сыяқлы жаны таза жазықсыз бир қанша жасларымыздың дастығын алып кеткен трагедиялық ақыбетлерин көрсетпекши болған.

Изертлеўши Қ.Камаловтың пикиринше, усындай конфликтти қаҳарман тәғдири менен байланыстырыў арқалы сюжет қурыў шеберлиги Узақбай Пиржановтың «Сүўрет» повестинде де сезиледи. Бул повестьтиң конфликти соншелли күшли, ҳар бир оқыўшының урысқа нәлет айтыў сезимин оятады. Бир ананың еки баласы Асқар менен Айжамал бир-бирине ашық болып қалады. «Билмеген  уў ишеди» дейди халқымыз. Асқардың әкеси фронтта набыт болған. Ақлық бала ата-анасының қолында қалып, жас ана екинши есикке еңкейип түскен. Бул есикте туўған перзенти Айжамал менен дәслепки перзенти Асқарды студентлик өмир дусластырады. Екеўи де биринбири танымайды. Еки жастың бир-бирине жаслық сезимлери оянады. Бул кешеги урыстың бүгинги жаслар тәғдирине тийгизип отырған не деген трагедиялық тәсийри! Бирақ, Асқардың анасының сүўрети ҳәм бул сүўретти (Асқар фото ательеде үлкейткеннен кейин) Айжамалдың көриўи, еки жастың жүрегине қандай қайғы, көзлерине қандай ширкеў салады. Еки жастың тәғдирине күтилмеген апат әкеле жазлайды. У.Пиржанов бул конфликтти табыў ҳәм қаҳарманлар тәғдири менен дурыс байланыстырыў арқалы урысқа нәлет айтқан. Бул, бизиңше, жүдә қыйыннан қыйысқан шеберликтен басқа ҳеш нәрсе емес [Камалов К. Қарақалпақ повестлери. – Н.: «Қарақалпақстан», 1978. – 93-б].

У.Пиржановтың бул повестлериндеги баслы өзгешелик - өмирдеги реаль көринислер менен қаҳарманлар ҳәрекетин көркем сүўретлеўге дәл, сайма-сай, өмирдиң өзиндегидей етип түсириўи жүдә күшли. Әлбетте, бул үлкен уқыплылықтың жемиси.

У.Пиржановтың усындай әдеп-икрам, муҳаббат мәселесин сөз еткен шығармалардың ишинде «Қызыл кендирдиң гүли»  повести дыққатқа ылайық екенлигин айтып кетиўге туўра келеди. Шығарманың ең баслы жетискенлиги сыпатында ондағы жыллы лиризмди, шайырлық ширин тилди көрсетип өтиў керек. Повесть автордың 1981-жылы баспа көрген «Ағыс» топламында дағазаланған «Сүйрик» гүрриңиниң тийкарында жазылған.

Повестьте жазыўшы көбирек Ш.Айтматовтың «Қызыл шаршылы дилбарым», «Бир күним бир әсирдей» («Боранлы бәндирги») шығармаларының поэтикалық дәстүрлеринен көбирек үйренгенлиги көзге тасланады. Повесть бас қаҳарманы Анаргүлдиң тәғдири көбирек биз жоқарыда атап өткен Ш.Айтматов шығармаларындағы ҳаял-қыз қаҳарманлар характериниң өсип өзгериў эволюциясын ядқа түсиреди. Бул шығармада да Ш.Айтматовтың «Қызыл шаршылы дилбарым»ындағыдай өз муҳаббатына улыўма, турмысқа бийпәрўа қараған Базарбай деген кимсениң пәс қылықларынан дәкки жеп, сабақ алып, көзи ашылған бас қаҳарман Анаргүл ақыраяғында өзи бир көриўден жақсы көрип қалған Асаматдин деген экскаваторшының будкасында тәғдирин оның менен бирлестириўге бел байлайды.

Жазыўшы қаҳарманның усы шешимге келемен дегенге дейинги ишки руўхый-психологиялық ҳалатларын турмысшаң өткир социаллық мотивлер фонында оғада исенимли ҳәм көркем етип сүўретлеп бере алған.

Гәпимиздиң басында жазыўшы У.Пиржанов белгили қырғыз жазыўшысы Ш.Айтматовтың бир қатар повестьлери ҳәм «Әсирге татырлық бир күн» романын қарақалпақ тилине аўдарма ислегенлигин айтып өткен едик. Гүман жоқ, ол аўдарма барысында Ш.Айтматовтың сүўретлеў шеберлигин дөретиўшилик пенен өзлестирди. Бул өз гезегинде У.Пиржанов повестьлериниң стилин байытты. Ш.Айтматовтың көркем сүўретлеўдеги шеберлигин өзлестириўине үлкен тәсирин тийгизди. Мәселен, Ш.Айтматов дәстүрлериниң тәсирин У.Пиржановтың «Қарда қалған излер…» (1984), «Апрельдиң соңғы ақшамы» (1987) повестьлеринде көриў мүмкин.

Жуўмақлап айтқанда, У.Пиржанов әдебиятымызға нәзик дидли гоззал лирикалары менен кирип келип, прозамызға поэзиялық қубылыўларды, жыллы лиризм менен поэзиялық ырғақты алып кирген, Ш.Айтматов прозасын қарақалпақ тилине аўдарыў арқалы қарақалпақ прозасында Ш.Айтматов дәстүрин, мектебин тереңлестирген, лирико-психологиялық бағытты күшейткен проза жанрының үлкен шеберлериниң бири болып табылады.

**Oqıdıq, pikir aytamız!**

## «ОН СЕГИЗ БӘҲӘР» БОСТАНЫНЫҢ СЕРҲОШ БҮЛБИЛИ

**К.Алламбергенов** – *филология илимлериниң докторы, профессор*
**А.К.Пазылов** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



Жигирмаланшы әсирдиң екинши ярымында қарақалпақ әдебиятына хош ҳаўазы менен кирип келген талантлы шайыра Шийрин Халмуратова елеге шекем қосық шайдаларының ядынан шыққан емес ҳәм шықпайды да. Себеби, оның қосықлары адамзат ушын ең әдиўли болған Ана Ўатан, атаана ҳәм оның қәдир-қымбаты, дослардың садықлығы, пәк мухаббат, ана-тәбият ҳәм басқа да темаларға бағышланғанлығы менен адамды ерксиз түрде өзине тартып турады.

Халқымыз тәрепинен «қарақалпақтың маңлайына тиккен шайырасы» деген атты алған Шийрин Халмуратованың 2020-жылы баспа көрген «Бүлбил сести таңда оятар мени» (Шийрин Халмуратова. Бүлбил сести таңда оятар мени / Шийрин Халмуратова – Тошкент: «Zilol buloq» нашриёти, 2020 й. -212 б.) атлы шығармасы бизиң жоқарыда айтылған пикирлеримиздиң айқын дәлийли сыпатында көзге тасланады. Шығармаға енгизилген қосықлар «Еске түсириўлер», «Ўатан таңлары», «Он сегиз бәҳәр», «Саяхат», «Уллы Ўатандарлық урыс темасы», «Бағышлаўлар», «Буншама шырайлы сен жүрген жерлер», «Ҳаяллар ҳәм тәбият», «Әзийз адамлар», «Кеўилдеги қатарлар», «Сегизликлер» ҳәм «Аўдармалар» атлы сегиз бөлимге жайластырылған.

Оның «Еске түсириўлер» рубрикасындағы сағынышлы қосық қатарлары жүреклерди елжиретпей қоймайды.

Әсиресе «Әкемнен кеширим сораў» атлы қосығында анасының ертерек көз жумғанлығын, муңлы жетимлик күнлерин ядқа түсиреди. Деген менен, әкели жетим болған менен, қор жетим болмағанлығын, әкеси менен бирге бир мақсетке үмитленип жасағанлығын, барқулла әкесине ылайықлы перзент болыўға умтылғанлығын еслетип өтеди. Әсиресе, анасына болған шексиз сағынышларын:

«Еркелетип әзийз қолларың,
Сыламады ҳеш бир шашымнан,
Сол қоллардың ләззетин аңсап,
Өткериппен бираз жасымды…
Ҳеш болмаса түсимде ғана
Бир сыйпала шашымнан, ана». (10)

деген қосық қатарлары арқалы сездириўди мақул деп есаплайды. Сондай-ақ, қызлардың ең жақын сырласының ана екенлигин өзинде мухаббат сезимлери ояна баслаған ўақытларын да абайлайды…

Ата-анасынан ертерек айрылғаны менен турмай, өзине сүйениш болатуғын ажаға, ажапа, ини, сиңли сыяқлы туўысқанлардың да несип етпегенлигин өкиниш пенен ядқа алған шайыра өзине жетиспей турған туўысқанлықтың барлығын Ана Ўатаннан табады. Соның ушын да ол «Ана халқым» атлы қосығында:

Бул әлемде жалғыз қалдырған анам,
Туўысқан ҳәм несип етпеген маған,
Сен – ата, сен – ана, ағамсаң, халқым,
Сен мениң – инимсең, сиңлимсең – Ўатан! (38), -

деп, жаңында арқа сүйер таўы, жанашыры, сүйениши болған Ўатанының, халқының бар екенлигине шүкиршилик етеди, ой-қыялын мақтаныш сезимлери бийлейди. Шайыра өз тәрийиплеўлерин даўам еттирип:

Сонлықтан мен саған көп еркелесем,
Кең пейил анадай сен кеширесең,
Дүньяда арттырған мәртебем даңқым,
Жулдыздай бәлентте қол жетпес, халқым (38) , - деп өз халқын кең пейил анаға, арттырған мәртебесине, даңқына, қол жетпес жулдызларға теңейди. Адам келбетиниң өзинен нур, шуғла шашып турыўын, инсанлардың бәршесине ҳадаллықтың зәрүрлигин, сонда ғана Ана-Жер бетиниң пәкликтен қуяштай жарқырайтуғынлығына исеним билдиреди.

Шайыраның туўған мәканына болған сүйиспеншилиги айрықша көзге тасланады. Ол «Туўған мәканым» (24) атлы қосығында «жәҳан гоззаллығы»ның ҳәммесиниң өзиниң туўған мәканында екенлигине, оның сәўлесиниң мәңгиге сөнбеслигине толқынланғанлығы соншелли, бул мәканда толқындай ағып өтетуғынлығын, ана топырағының өзине илҳам, йош бағышлайтуғынлығын, соның ушын да бул муқәддес мәканға жүрек йошларын арнап, мәңги ашық болып өтетуғынлығын оғада үлкен заўықланыў менен баянлайды. Ҳақыйқатында, Тамара ҳәм Зияда Дошумовалардың атқарыўындағы бул заўықлы қосықты студентлик дәўирлеримизде де, ҳәзирги ўақтымызда да тыңлаўдан бизде ҳеш жалықпағанбыз.

Шайыра «Қарақалпақ ҳәм мен» атлы қосығында халқымыздың ҳеш тоқтаўды билместен, мисли көрилмеген дәрежеде раўажланып баратуғынлығын, оның жүреклерге жарық жулдызлардай нур шашып туратуғынлығын шеберлик пенен сүўретлейди. Егерде, Е.Евтушенко «Если будет Россия, значит буду и я…» деген болса, Шийрин Халмуратова:

Биз жасап атырған бул әзийз халықтың,
Кеўли кең аспандай қарақалпақтың,
Көксинде мен жайнап тураман бирге
Ол болған жерлерде боламан мен де, -

деген мақтаныш сезимлери менен қосығын жуўмақлайды.

Шайыра адам психологиясының бир-бирлерине уқсамайтуғынлығын, ер адамлар менен ҳаял-қызлар психологиясының арасында аспан менен жердей парықтың бар екенлигин, ҳаял адамлардың кеўиллериниң нәзик болатуғынлығын, оларға қаталлықтың жараспайтуғынлығын абайлап жазған өзиниң төртликлериниң биринде:

Гүлдиң нәзиклигин берсең де маған,
Тастың қаттылығын бере көрме ҳеш,
Қалай болсамдағы мен ҳаял адам,
Бәрибир қаталлық қолымнан келмес (157), -

деген жуўмаққа келеди.

Және де шайыра педагог сыпатында берген өз нәсиятларында гейпара адамлардың бийҳуўда гәплерине исене бериўдиң пайдасыз екенлигин, адамлар арасында биреўдибиреўге жаманлаўшылардың, байлық, даңқ, мәртебе арттырыў жолында айрымларының көп түрли ҳийлелерди ислететуғынлығын, гейпара адамлардың биреўлерди сыртынан сайып, оны ақмаққа шығарып үлгеретуғынлығын, ал, айрымларының ҳәзир «журт бузылып баратыр» деген қәўесетти таратыўға теперишлигин сезген ҳалда:

Кеўлим, сен исенбе бийҳуўда гәпке,
Мың түрли ҳийле бар, мыңсан қызықлар,
Кимди ақмақ көрсе – өзи ақмақлар,
Журтты бузық дерлер өзи бузықлар (157) , -

деп, өз төртлигинде адамлардың, әсиресе жаслардың бундай нәкәс адамлардың гәплерине ере бермеў кереклигин уқтырыўға ҳәрекет жасайды.

Шайыра өз төртликлеринде адамлардың минез-қулқына психологиялық жақтан баҳа бергенде, ылайықлы теңеўлерди таба билген. Әсиресе аўырдың асты, жеңилдиң үсти менен жүриўди қәлеўши, ҳәдден тыс сумлықлы адамлардың әтирапымыздағы көпшилик адамларға зыяны тийетуғынлығын, олар ушын тек ғана өз пайдасын ойлап, басқаларды зыянда қалдырыўдың уят емеслигин, бундай жарамсыз ҳәрекетлер олардың күнделикли әдетине айланып кеткенлигин, олардың айрымларының сениң қуўанышыңды көре алмайтуғынлығын, айрымлары сениң қапаланғаныңды, басыңа ис түскенин көрип қуўанатуғынлығын төменде көрсетилген қатарлар арқалы баянлайды:

Гейбиреў бар айланғандай түлкиден,
Зыян бермей жүре алмас бир күн ҳәм,
Кеўилимниң кең сарайын ўайранлап,
Айырады жүзимдеги күлкиден (158).

Шайыра усылайынша тәрийплеўлери арқалы бес бармақтың бирдей емеслиги сыяқлы, адамлардың бирдей болмаслығын келешегимиз болған жасларға уқтырыўға ҳәрекет жасайды.

Шийрин Халмуратова өзиниң сегизликлеринде де адам психологиясына байланыслы мәселелерге тоқталып, дүньяда унамлы ҳәм унамсыз минез-қулққа ийе болған адамлардың бар екенлигин, биреўлер ақ көкирек болса, биреўлердиң ишинен қасық айланбайтуғынлығын, жақсы деп тән алынған адамлардың да гейпара тәреплериниң саған жақпай қалыўлары мүмкинлигин, соның ушын өзиңди де басқаның көзи менен көриўиңниң зәрүрлигин, себеби, басқа адамлар сыяқлы сениң минез-қулқыңда да өзиң сезбей жүрген олқылықлардың болыўы мүмкинлигин еске салып:

Ҳәмме маған бирдей жақын десем де,
Бийтанысты туўысқандай көрсем де,
Гей биреўдиң тар көкиреги жақпайды,
Кеўил жақын десип бирге жүрсем де.

Мен өзимде көп кеўилли таппадым,
Жақсылардың бир тәрепин жақладым,
Ҳәм мудамы ҳадаллықты сүйсем де,
Бәрибир мен көп адамға жақпадым (164) , -

деп сегизликлеринен оқыўшының өзиниң жуўмақ жасап алыўларына мүмкиншиликлер жаратып береди.

Жуўмақлап айтқанда, шайыра Шийрин Халмуратованың халыққа усынылып атырған «Бүлбил сести таңда оятар мени» атлы қосықлар топламына енгизилген қосықлар тек ғана адамларға руўхый ләззет бағышлап ғана қоймастан, оларға, әсиресе жасларға Ўатанға, ата-анаға мухаббат сезимлерин қәлиплестириў, адамлар арасындағы қарым-қатнас сырларын салыстырмалы түрде уқтырыў, дос таңлаў, әдеплилик ҳәм әдепсизлик мәселелерин өзбетинше түсинип алыў ислеринде де сөзсиз өзиниң унамлы тәсирин тийгизеди. Улыўма, Ш.Халмуратова ХХ әсир қарақалпақ поэзиясына мәңги жаслық – «Он сегиз бәҳәр» бостанын алып кирип, бул әжайып бағдың серхош бүлбилине айланған бийтәкирар үлкен талант ийеси, уллы қарақалпақ шайырасы болып мәңги мөҳирленип қалды.